



Konnen dwa w yo:

Opsyon moun ki siviv yon zak vyolans seksyèl yo genyen nan sistèm jistis sivil la nan New Jersey

Se ou ki pou deside. Toutan.

Nou kwè sa sivivan yo di, kèlkeswa kantite tan ki pase depi yo te fè yo ditò. Ou merite pou ou geri, pou ou jwenn jistis e pou ou gen opsyon. Kit ou vle angaje yon aksyon lajistis kounye a, kit ou vle fè sa pi devan, kit ou pa janm vle fè sa, ou pa poukont ou, epi se ou ki pou fè yon chwa.

Nan New Jersey, lalwa rekonèt sivivan yo ka bezwen plis tan pou yo rapòte sa yo te sibi akòz chòk yo te pran an. Delè preskripsyon sivil lalwa tabli a defini kantite tan ou genyen pou ou angaje yon aksyon devan yon tribinal sivil pou domaj ou te sibi akòz vyolans seksyèl la. Sitiyasyon an pa menm pou dosye penal yo, kote se Eta a ki angaje aksyon an.

 *Ou merite pou ou jwenn tan pou geri e pou chwazi si w vle angaje yon aksyon lajistis.*

KISA KI TE CHANJE NAN LWA NEW JERSEY YO?

An 2019, New Jersey te pase yon lwa ki santre sou sivivan yo (S477/A3648) ki ba ou plis tan pou angaje yon aksyon lajistis:

Si yo te agrese w pandan ou te yon adilt: Ou genyen sèt ane apre agresyon an oswa apre ou te dekouvri domaj li te lakòz la (si w te dekouvri sa pi ta).

Si yo te agrese w pandan ou te yon timoun: Ou kapab angaje yon aksyon sivil toutotan ou poko gen 55 lane oswa pandan yon peryòd sèt ane apre ou te dekouvri domaj la (si w te dekouvri sa pi ta).

Nan New Jersey, pa gen okenn delè preskripsyon penal pou agresyon seksyèl yo (pou yon domaj ki te fèt apre yo te elimine delè preskripsyon penal la an 1996*). Ou kapab pote plent bay lapolis nenpòt lè.

**Remak: Sivivan ki te sibi abi ant 1991 ak 1996 yo ka gen posiblite mande yon aksyon penal tou*

DOSYE SIVIL AK DOSYE PENAL... KI DIFERANS KI GENYEN?

TRIBUNAL SIVIL	TRIBUNAL PENAL
Se ou menm (sivivan an) ki angaje aksyon an	Se Eta a ki angaje aksyon an
Ou ka mande kòb pou yo dedomaje w pou domaj la, doule a oswa neglijan lan	Eta a mande yon pinisyon (prizon, libète kondisyonèl, elatriye)
Se ou ki deside si w pral kontinye ak kijan ou pral fè sa	Se pwokirè yo ki kontwole pwosesis la
Ou ka mennen yon moun oswa yon etablisman lajistis (tankou yon lekòl, yon anplwaye oswa yon ajans)	Yo pousuiv moun ki te fè w mal la

FASON OU KAPAB EGZAMINE OPSYON OU GENYEN YO DEVA LALWA

Ou pa oblije fè sa poukont ou. Si w ap reflechi sou posiblite pou ou angaje yon aksyon lajistis oswa si w annik bezwen konnen dwa w yo, men sa ou ka fè pou kòmanse:

Pale avèk yon defansè ki jwenn fòmasyon pou kesyon twomatis yo

Moun sa a ka ede w konprann ki opsyon ou genyen yon fason ki konfidansyèl e k ap pèmèt ou rete an sekirite.

Jwenn yon defansè: njcasa.org/find-help

Konsilte yon avoka sivil

Gen sivivan ki angaje yon aksyon pou jwenn yon dedomajman (pou soufrans emosyonèl, echèk enstitisyonèl, elatriye). Si w pa konnen kisa pou ou fè pou ou kòmanse, kontakte sa ki vin annapre yo:

Legal Services of New Jersey

lsnj.org/ oswa 1-888-LSNJ-LAW

Yon èd jiridik sivil ki gratis nan tout Eta a. Li ede moun nan domèn òdonans pwoteksyon, lojman, imigrasyon, benefis piblik, elatriye

Liy asistans nasyonal pou agresyon seksyèl nan Take Back the Night Foundation

takebackthenight.org/legal-assistance/ oswa 567-SHATTER (567-742-8837)

Yon liy asistans nasyonal ki konfidansyèl e ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, ki ka fè sivivan vyolans seksyèl yo jwenn yon avoka pou pale sou opsyon yo genyen yo devan lalwa.

Partners

partnersnj.org oswa 973-233-0111

Li espesyalize nan bay sivivan ki pa touche anpil revni yo yon reprezantasyon legal gratis (òdonans pwoteksyon, gad timoun, pansyon alimantè) nan konte sa yo: Essex, Union, Middlesex, Hudson, Passaic.

Seton Hall University Center for Social Justice

csj_reception@shu.edu oswa 973-642-8700 oswa 973-761-9000 pòs 8700

Yon klinik legal nan yon inivèsite ki soutni sivivan vyolans seksyèl yo.

New Jersey Crime Victims' Law Center

Richard Pompelio: 973-903-9848 oswa rpompelio@njcrimevictims.org

NJCVC bay sivivan krim vyolan yo yon asistans legal gratis nan New Jersey.

Ou gendwa kalifye pou ou jwenn yon dedomajman

Ou gendwa kalifye pou ou jwenn èd nan men **Biwo pou Dedomajman Viktim Krim** nan (Victims of Crime Compensation Office, VCCO), ki ka kouvri kèk nan depans ou fè ak pwòp lajan pa w oswa kèk nan depans ou fè pou angaje yon aksyon lajistis akòz domaj ou te sibi a. Yon defansè ka ede w aplike.

njoag.gov/vcco/vcco-victims/

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tanpri ale sou njcasa.org

Se pou ou konnen sitwèb nou an pa yon resous pou ka ijans.

Pou ka ijans:

Tanpri ale sou **Find Help Page (paj pou jwenn èd)**ola oswa kontakte liy asistans ki disponib 24 sou 24 nan tout Eta a nan 1-800-601-7200.